


Annual LEAD STATUS UNKNOWN Customer Notice HAITIAN-CREOLE

AVI SOU MATERYÈL LIY SÈVIS “ESTATI PLON ENKONI”

Avi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou liy sèvis dlo ou ak dlo pou bwè.

Chè Kliyan Dlo:

Nouvo lwa federal ak eta Florida mande pou nou fè envantè liy sèvis dlo nan zòn sèvis nou an. Yon liy sèvis se tiyo anba tè ki pote dlo soti nan liy prensipal la, ki ka nan lari a, nan kay ou, oswa nan bilding ou. Se pou Vil North Miami pòsyon liy sèvis dlo ki soti nan liy prensipal dlo a rive jiska liy pwopriyete kay/bilding la, epi mèt kay/bilding yo posede pòsyon liy sèvis dlo soti nan liy pwopriyete yo rive nan tiyo kay/bilding yo. Nou oblije notifiye konsomatè yo chak ane si materyèl ki nan liy sèvis yo pa konfime. Tout liy sèvis ki pa konfime rete sispèk, yo pral idantifye kòm liy sèvis ki gin posibilite pou li



Figi 1: Konfigirasyon tipik nan yon liy sèvis dlo ki konekte prensipal dlo a nan lari a ak tiyo enteryè yo nan kay.

plon jiskaske materyèl liy nan konfime.

Dosye nou yo endike ke tout oswa yon pati nan materyèl nan liy sèvis dlo ou a enkoni, ki vle di li ka fèt ak plon. Si ou kwè ke materyèl nan liy sèvis ou a mal klase, tanpri kontakte nou pou ede ak verifikasyon materyèl.

Kisa sa vle di? Li enpòtan pou konfime materyèl liy sèvis dlo ou a. Si liy sèvis dlo w la fèt ak plon, plon an ka lage nan dlo w ap bwè a aprè yon tan. Ekspozisyon plon ka lakòz efè negatif sou sante moun. Ou ka ajoute sou dosye nou genyen sou materyèl liy sèvis la lè w soumèt materyèl liy sèvis ou nan sondaj sou Entènèt nou an, ki disponib sou sitwèb nou nan NorthMiamiFL.gov/LCR. Si w pa sèten kijan pou w lokalize liy sèvis ou oswa idantifye materyèl la, tanpri vizite sit entènèt nou an pou enstriksyon oubyen kontakte nou pou plis enfòmasyon.

Kisa kap fèt? Vil North Miami ap travay pou ranplase pòsyon liy sèvis plon konpayi sèvis piblik la posede. Si liy sèvis dlo w la gen plon, n'ap kontakte w pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon ranplasman yo. Nou oblije ranplase pòsyon sèvis piblik la ki yon liy sèvis plon lè pwopriyete kay/bilding la fè nou konnen li pral ranplase pòsyon liy sèvis plon li a. Si liy sèvis ou a fèt ak plon epi ou planifye pou ranplase li, tanpri kontakte Depatman Travò Piblik Vil la nan telefòn 305-895-9838 oswa pa imèl nan NoMi-LCRR@northmiamifl.gov anvan ranplasman pou nou ka kowòdone efò nou yo. **Ou ka kontakte nou tou pou jwenn enfòmasyon sou pwogram ranplasman liy sèvis plon, avèk enfòmasyon sou opòtinite finansman ki disponib pou ede w.**



Efè plon sou sante moun. Ekspozisyon a plon nan dlo pou bwè ka lakòz gwo efè sou sante nan tout gwoup laj. Ti bebe ak timoun yo ka pèdi IQ (kosyan entèlektiyèl) ak kapasite pou prete atansyon. Ekspozisyon a plon ka lakòz nouvo pwoblèm aprantisaj ak konpòtman oswa agrave pwoblèm aprantisaj ak konpòtman ki egziste deja. Timoun/pitit fanm ki te ekspoze a plon anvan oswa pandan gwosès yo ka gen plis risk pou yo gen efè negatif sou sante bebe sa yo. Adilt/granmoun yo ka gen plis risk pou maladi kè, tansyon wo, ren, oswa pwoblèm sistèm nève.

Kisa mwen ka fè pou diminye ekspozisyon a plon nan dlo pou bwè? Anplis liy sèvis ou a, plonbri oswa tiyo lakay ou ka gen plon, epi li ka ogmante nivo plon nan dlo w ap bwè. Gade pi ba a pou yon lis etap ou ka franchi pou minimize plon nan dlo ou:

1. **Kite dlo a koule pou retire plon an.** Si dlo a pa te sèvi pandan plizyè èdtan, kite dlo a koule pou trant segonn a 2 minit oswa jiskaske li refwadi oswa rive nan yon tanperati ki estab anvan ou sèvi ak li pou bwè oswa pou kwit manje. Sa a ede retire dlo ki gen plon nan tiyo yo.
2. **Sèvi ak dlo frèt pou fè manje ak prepare lèt bebe.** Pa kwit manje ak dlo tiyo cho ni bwè l nonplis; plon fonn pi fasil nan dlo cho. Pa sèvi ak dlo tiyo cho pou prepare lèt bebe.
3. **Pa bouyi dlo pou retire plon.** Dlo bouyi pa pral diminye plon.
4. **Chèche lòt sous dlo oswa tretman pou dlo.** Ou ka anvizaje achte yon filtè dlo oswa dlo nan boutèy. Li anbalaj la pou asire w filtè a apwouve pou diminye plon oswa kontakte NSF International nan 800-NSF-MARK oswa www.nsf.org pou enfòmasyon sou estanda pèfòmans filtè dlo. Pou ede optimize bon jan kalite dlo, asire w ou pran swen ak ranplase yon aparèy filtraj dapre rekòmandasyon manifakti a.
5. **Teste dlo ou pou plon.** Si w panse ou gen gwo nivo plon nan dlo pou bwè lakay ou, fè tès sou li. Pou jwenn yon lis laboratwa ki apwouve pou tès dlo potab, ale sou <https://floridadep.gov/dear/florida-dep-laboratory/content/nelap-certified-laboratory-search> epi chèche anba "NELAP Certified Laboratory Search." Depan de konbyen kontaminan ou vle teste, yon tès dlo ka koute nenpòt kote soti nan \$15 rive a plizyè santèn dola. Rele Liy Dirèk Dlo Potab la (Safe Drinking Water Hotline) nan 1-800-426-4791 pou plis enfòmasyon.
6. **Fè tès san pou pitit ou.** Si w gen enkyetid konsènan ekspozisyon a plon, kontakte depatman sante lokal ou a (nan vil ou a) oswa founisè swen sante w la (doctè-w) pou w konnen kijan pou fè tès pou pitit ou a.
7. **Idantifye epi ranplase aparèy plonbri ki gen plon.** Wobinè / tiyo, ekipman, ak tiyo, ki gen kwiv/leton ladan yo ak sa yo pibliye kòm "san plon," ka mete plon nan dlo w ap bwè. Lwa kounye a etabli definisyon "san plon" kòm mwayèn 0.25% plon yo kalkile sou sifas mouye yon tiyo, rakò tiyo, rakò tiyo plonbri, epi 0.2% plon pou soudi ak dlo k ap pase nan tiyo. Vizite sitwèb NSF Entènasyonal la nan www.nsf.org pou plis enfòmasyon sou enstalasyon plonbri ki gen plon.
8. **Jwenn enfòmasyon sou konstriksyon nan katye w la.** Ou dwe konnen nenpòt travay konstriksyon oswa antretyen ki ta ka deranje liy sèvis plon ou lan. Konstriksyon ka lakòz plis plon tonbe pase sa yo dwe lage nan yon liy sèvis plon.
9. **Netwaye filtè/aeratè w la.** Netwaye griy wobinè tiyo w (yo rele sa aeratè) regilyèman. Sediman, debri, ak patikil plon ka rete fè ma nan filtè lè w la. Si patikil plon yo rete nan filtè a, plon ka antre nan dlo ou.
10. **Sèvi ak filtè ou kòrèkteman.** Si w itilize yon filtè, asire w ke w sèvi ak yon filtè ki sètifye pou retire plon. Li enstriksyon yo pou aprann kijan pou byen enstale epi sèvi ak katouch ou a epi ki lè pou ranplase li. **EPA** te devlope yon zouti pou konsomatè pou idantifye filtè dlo pou bwè nan pwenn itilizasyon ki sètifye pou diminye plon nan: <https://www.epa.gov/water-research/consumer-tool-identifying-pou-drinking-water-filters-certified-reduce-lead>.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit entènèt nou an nan NorthMiamiFL.gov/LCR oswa kontakte Depatman Travo Piblik North Miami nan telefòn 305-895-9838 oswa pa imèl nan NoMi-LCRR@northmiamifl.gov.